

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi dina bab saméméhna, aya tilu hal anu bisa dicindekeun, nyaéta babasan jeung paribasa ngaran barang, wangun babasan paribasa mibarang jeung harti babasan jeung paribasa mibarang.

Sabada nilik kana hasil pembahasan, babasan jeung paribasa mibarang anu kapaluruh jumlahna aya 289 kabagi dua, 166 babasan mibarang jeung 123 paribasa mibarang.

Babasan anu 166 kabagi deui dumasar sumber babandinganana di antarana waé babasan mibarang bahan jumlahna aya 5, babasan mibarang pakakas tukeur jumlahna aya 9, babasan mibarang kapercayaan jumlahna aya 5, babasan mibarang kadaharan jumlahna aya 44, babasan mibarang kasenian jumlahna aya 6, babasan mibarang ngaran aya jumlahna 6, babasan mibarang pakarang jumlahna aya 14, babasan mibarang pakéan jumlahna aya 7, babasan mibarang parabot dapur jumlahna aya 26, jeung babasan mibarang babagan imah jumlahna aya 5, ogé babasan anu teu boga klasifikasi jumlahna aya 39 babasan mibarang.

Paribasa anu 123 kabagi deui dumasar sumber babandinganana di antarana waé paribasa mibarang bahan jumlahna aya 2, paribasa mibarang pakakas tukeur jumlahna aya 1, paribasa mibarang kapercayaan jumlahna aya 2, paribasa mibarang kadaharan jumlahna aya 35, paribasa mibarang kasenian jumlahna aya 10, paribasa mibarang ngaran jumlahna aya 5, paribasa mibarang pakarang jumlahna aya 6, paribasa mibarang pakéan jumlahna aya 5, paribasa mibarang parabot dapur jumlahna aya 9, jeung paribasa mibarang babagan imah jumlahna aya 1, ogé paribasa anu teu boga klasifikasi jumlahna aya 47 paribasa mibarang.

Ieu babasan jeung paribasa téh tuluy dianalisis dumasar kana wangunna. Wangun babasan kabagi tilu nyaéta: 1) babasan wangun rundayan jumlahna aya 2, 2) babasan wangun kantétan jumlahna aya 54, 3) babasan wangun frasa jumlahna

aya 110. Wangun paribasa kabagi dua nyaéta: 1) paribasa wangun salancar jumlahna aya 84, 2) paribasa wangun ngantét jumlahna aya 39.

Dina maluruh harti babasan jeung paribasa mibarang dititénan tina buku sumber panalungtikan ogé *Kamus Basa Sunda*. Tina hasil panalungtikan ébréh yén babasan jeung paribasa mibarang wangun jeung harti anu nyangkaruk di jerona katitén béda.

5.2 Implikasi

Hasil dina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun dina widang basa pikeun jadi bahan rujukan kana panalungtikan anu méh sarua jeung ieu panalungtikan. Dina widang sastra, ngeuyeuban jeung ngainterprétasikeun harti babasan jeung paribasa. Katitén unggal novel teu elat maké babasan jeung paribasa.

Dina widang pangajaran, ieu panalungtikan téh bisa jadi tatapakan pikeun guru anu ngajar di sakola, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina ngajarkéun idiom nu geus aya dina kurikulum.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu kudu ditepikeun pikeun mahasiswa, guru, siswa, jeung pamaca.

- a) Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina ngajarkéun idiom nu geus aya dina kurikulum tur matalikeun ieu kana pangajaran novel Sunda.
- b) Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh bisa mantuan siswa dina maham babasan jeung paribasa Sunda tina bahan carita novel nu geus dibacana.
- c) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan pola struktur atawa wangun jeung ma'na léksikosemantik dina babasan jeung paribasa.
- d) Pikeun nu maca, hasil panalungtikan bisa méré wawaran ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda nu aya patalina jeung ngaran barang.